



# Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Office of the Superintendent



4 Me 2020

Nou Salye Kominote Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan,

Mwen espere ke lèt sa a jwenn nou tout trè byen. Kòm ou konnen deja, sou, 17 Avril 2020 an, mwen te pataje avèk ou ke Mesye Murphy, Gouvènè New Jersey a ak Komisyonè Edikasyon an, Dr. Repollet, t'ap bay yon mizajou konsènan kontinyasyon aprantisaj a distans la oswa re-ouvèti pòt lekòl yo bòzòn oswa anvan 15 Me 2020. Kominikasyon sa a se pou pataje avèk ou enfòmasyon ki pi nouvo jiska jounen jodi a kòm li fèk sot kominike apre midi a depi Trenton.

Lendi 4 Me 2020 an, Gouvènè Phil Murphy te bay lòd pou fèmen tout lekòl NJ yo jiska fen Ane Akademik Lekòl (SY) 2019-2020 an. Aswè a, nou pral voye yon mesaj telefòn plon gaye bay fanmi ak anplwaye yo pou nou pataje enfòmasyon enpòtan sa a. Anplis de sa, nou pral afiche/poste yon atik nan NJ.COM anba nouvel distri a ak anons pou endike ke pòt lekòl yo ap rete fèmen, men aprantisaj a distans la ap kontinye jiska fen ane lekòl la.

Nou pral kontinye kenbe ou okouran atravè kominikasyon avèk ou sou platfòm/tribin nou an sou sit entènèt distri a ansanm ak medya sosyal nou yo konsènan nenpòt ki dènye mizajou akademik oswa operasyonèl.

Pou plis sipò, tanpri sonje ke nou te kreye yon adrès imèl ki se [distancelearningquestions@orange.k12.nj.us](mailto:distancelearningquestions@orange.k12.nj.us) pou nenpòt kesyon oswa enkyetid pandan peryòd pandemi sa a ki genyen rapò ak aprantisaj/ansèyman oswa enkyetid nan teknoloji. Si ou genyen tou enkyetid kesyon/konsènan sipò mantal oswa swen pèsonèl, ou ka voye yon imèl ba nou tou. N'ap bezwen non lekòl pitit ou a, non pwofesè a, ansanm ak enfòmasyon pou kontakte ou. Toujou sonje, ou ta dwe toujou kontakte pwofesè pitit ou a ak / oswa direktè lekòl la kòm moun ki nan premye liy pou sipò.

Nou ankouraje ou pou kontinye vizite Tab Resous KOVID-19 distri a sou sit entènèt distri a ki se [www.orange.k12.nj.us](http://www.orange.k12.nj.us) pou resous adisyonèl pou fanmi yo sou sante mantal ansanm ak mizajou/dènye nouvel sou swen pèsonèl elèv yo, fanmi yo, ak anplwaye yo. Nou afiche/poste sipò enstriksyonèl nan Tab Resous KOVID-19 pou bay ou asistans. Kòm ou deja okouran, nou mete Tab Resous KOVID-19 la ajou chak semèn nan efò pou nou bay ou plis sipò pou kominote lekòl nou an.

Yon lòt fwa ankò, mwen di ou mèsi pou fleksibilite kontinyèl ou ak kowoperasyon w pandan tan sa a san parèy sa a. Nou tout ansanm, nou menm sitiasyon.

Se Moun Pa w la nan Edikasyon,

*Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.*

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Sipèntandan Lekòl yo